



Pou Piblikasyon Imedya: 23/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO TE BAY PLIS PASE 68 MILYON DOLA NAN FAZ XII INISYATIV KONSÈY DEVLOPMAN EKONOMIK REJYONAL LA

*Dezyèm lo prim ki apwouve yo gen ladan 74 pwojè ki pare pou demare*

*Nou kapab jwenn lis konplè gayan jiskaprezan yo [isit la](#)*

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse yo te bay plis pase 68 milyon dola pou sipòte 74 pwojè priyorite nan Eta New York atravè inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) la. Faz XII la te gen ladan sibvansyon kapital debaz ak finansman kredi enpo ki soti nan Empire State Development ke yo te mete disponib sou yon baz kontinyèl ak konpetitif pou sipòte bezwen imedyat kominote yo. Finansman an pral sipòte pwojè ki gen enpak yo ki an akò ak objektif estratejik chak rejyon. Aplikasyon pou fon Sibvansyon Empire State Development la rete ouvri, epi aplikasyon yo ap revize sou yon baz kontinyèl jiskaske lajan an fini. Aplikan yo ki gen pwojè solid, pare pou demare ki an akò ak priyorite devlopman ekonomik eta ak rejyon an kapab aplike atravè [Demann Finansman Konsolide](#).

"Atravè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo, nou kontinye fè investisman estratejik atravè New York ki an akò ak priyorite prensipal chak kominote", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Mwen fyè pou m anonse pwochen seri prim sa a ke moun ki gen enterè ladan ki abite ak travay nan rejyon yo reprezante yo te rekòmande. Investisman sa a pral ede pote plis opòtinite pou Nouyòkè yo, ankouraje devlopman ekonomik, epi alimante siksè alavni kominote yo atravè eta nou an".

"Eta New York ap kontinye investi nan pwojè ki pral jenere nouvo investisman ak pwovoke kwasans ekonomik pou sipòte plis rekiperasyon apre pandemi nou an", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado, ki se Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo te deklare**. "Apwòch asandant nou an pou devlopman ekonomik - youn ki enklizif, kolaboratif, ak konsantre sou rejyon an - ap fonksyone, epi mwen te wè rezilta yo dirèkteman nan kominote atravè eta a. Dènye gwoup prim sa a pral ranfòse efò sa yo lè yo sipòte pwojè ki pare pou demare yo ki pral devlope ekonomi eta nou an ak ekonomi rejyonal yo pi vit".

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Konsèy Rejyonal yo kontinye se yon gwo motè ekonomik pou ekonomi eta nou an. Prim sa yo reprezante pwojè ki montre fòs chak rejyon yo epi ki pral kontribiye anpil pou transfòmè ekonomi lokal yo atravè eta a".

Chak Konsèy Rejyonal te rekòmande premye faz pwojè priyorite yo akòz preparasyon pwojè yo ak aliyman avèk chak plan estratejik chak rejyon. Gran pwen yo enkli:

- **Kite's Nest (Rejyon Kapital): Sibvansyon ESD 1,600,000 dola:** Pwojè Kapital ReGeneration Kite's Nest la ap transfòmè yon ansyen pwopriyete endistriyèl prèske yon ekta bò rivyè Hudson lan pou tounen yon kanpis pou edikasyon, travay jèn, jistis anviwònman ak atizay. Kanpis la pral sèvi kòm yon ankraj nan katye 2nd Ward Hudson kòm yon kote pou nourri lidèchip jèn yo ak katalize relasyon atravè kominote, jenerasyon ak òganizasyon yo. Li pral genyen yon bilding ki pa gen kabòn, espas evènman, efè sè ak anpil ekipman anplennè.
- **Fabrikan Advanced Motors & Drives (New York Santral) - Sibvansyon ESD 1,300,400 dola, Kredi Enpo Travay Excelsior 325,000 dola:** Advanced Motors & Drives pral elaji kapasite fabrikasyon li lè li ajoute de nouvo liy fabrikasyon ak amelyore epi agrandi enstalasyon aktyèl li yo nan Lès Syracuse, Konte Onondaga. Pwojè a pral pozisyone AMD (Advanced Motors & Drives) kòm yon lidè nan de teknoloji fabrikasyon enpòtan ki nouvo: seksyon enèji renouvlab (enèji ewolyen), ak elektrifikasyon a gran traksyon veyikil yo (otobis, kamyon livrezon, machin konstriksyon tou teren, elatriye).
- **Agrandisman Roechling Medical (Finger Lakes) - Sibvansyon ESD 1,500,000 dola, Kredi Enpo Excelsior 227,000 dola:** Roechling Medical Rochester, etablisman prensipal nan Amerik di Nò nan fanmi Roechling Medical ap agrandi pou pi byen reponn ak bezwen aparèy medikal Etazini k ap ogmante yo. Etablisman Rochester a se yon lidè sou mache moulaj pa enjeksyon ak asanblaj aparèy medikal yo. Finansman an sipòte adisyon yon nouvo etablisman Roechling nan zòn Rochester/Gates epi elaji operasyon kapasite aktyèl sal pwòp espesyalize yo.
- **Inisyativ WORCForce Life's WORC (Long Island) - Sibvansyon ESD 735,000 dola:** Life's WORC pral renove yon bilding pou kreye WORC Force Center. Nouvo pwogram nan pral ede moun ki gen bezwen espesyal idantifye vokasyon yo, jwi yon sans solid nan kominote a, epi viv ak pi gwo lajwa. Sant lan pral ekipe ak plizyè sant fòmasyon pwofesyonèl, tankou yon espas pou lavant an detay, laboratwa òdinatè, magazen otomobil, kwizin pwofesyonèl, ak lòt espas ki ankouraje konpetans nan espas travay. Li pral sèvi tou kòm yon lokal pou seminè ak evènman espesyal.

- **The Milk Factory (Mid-Hudson) - Sibvansyon ESD1,500,000 dola:** The Milk Factory se yon reyitilizasyon adapte kondansè lèt Borden anblematik la ki sitiye nan Vilaj Walden, nan Konte Orange. Konstwi an 1884, pwopriyete 8 ekta a ki pral tounen The Milk Factory gen 12 estrikti brik adjasan ak travay mason brik elegan, kounye a ki delabre apre yon ensandi ak neglijan. Pandan n ap pote lavi nan delabreman faktori a, reyitilizasyon adapte a pral kreye yon ti vilaj modèn endepandan pou kominote a ansanm ak vwayajè yo pou viv, travay ak jwe. The Milk Factory se yon diven/distilri, ak yon otèl butik ki pral genyen chanm otèl, suit pou sejou pwolonje, restoran, yon jimnaz, espa, ak butik ki vann an detay.
- **Amelyorasyon Otomasyon Mohawk Lifts (Mohawk Valley) - Sibvansyon ESD 300,000 dola:** Mohawk Lifts, LLC., lidè nan elevatè otomobil lou yo te yon bagay prensipal nan kominote a pou plis pase 40 ane nan Amsterdam, Konte Montgomery. Mohawk Lifts pral ogmante operasyon li yo lè li modènize ekipman fabrikasyon ak tretman (ajoute otomatizasyon nan pwosesis yo, mete ajou tab koupe/konbisyon asye, envesti nan manitansyon materyèl ak ekipman sipò pou soude, epi kreye yon nouvo amenajman nan faktori a pou ogmante pwodiktivite ak efikasite). Amelyorasyon sa yo pral sipòte ogmantasyon nan pati mache a ak kwasans nan elevatè distribisyon materyèl manitansyon, yon zòn avantaj konpetitif avèk teknoloji prensipal resan ke ekip enjeniri an te devlope, ak yon ogmantasyon nan mendèv yo pou sipòte nouvo kwasans lan.
- **Pwojè Nasyonal Devlopman Viktwa Teyat Nwa (Vil New York) - Sibvansyon ESD 2,500,000:** Teyat Nasyonal Nwa (National Black Theatre) istorik la se ankraj yon nouvo devlopman pou itilizasyon miks nan Harlem. Pwojè a ki te fèt apati vizyon Doktè Barbara Ann Teer an 1968 pou bay espas pou kreyatè Nwa yo, pwojè a ofri yon kay pèmanan dènnye modèl pou teyat Nwa ki pi ansyen nan vil la kòm yon pati nan yon konplèks atistik ki gen ladan magazen vant an detay, restoran ak apatman pou moun ki gen revni miks.
- **Agrandisman Enstalasyon Thousand Islands Winery (North Country) - Sibvansyon ESD 86,000 dola, Kredi Enpo Travay Excelsior 152,890 dola:** Thousand Islands Winery, ki sitiye nan Alexandria Bay, Konte Jefferson pral agrandi kapasite fabrikasyon diven ak babotin pou satisfè demann aktyèl mache a. Vinikòl la pral retire pwogresivman pwosesis manyèl li pou ranpli sachè li yo epi ranplase li avèk yon operasyon otomatik pou ranpli sachè yo. Agrandisman sa a pral kreye youn nan kapasite anbalaj diven ki pi avanse nan eta a epi pèmèt konpayi an gen plis kontwòl sou chèn apwovizyonman li.

- **Pwojè Best Bev NY (Southern Tier) - Sibvansyon ESD 3,200,000 dola:** Best Bev, LLC. founi ko-anbalaj, apwovizyonman materyèl, depo, ak distribisyon mak pou bwason ki gen alkòl ak sa ki pa gen alkòl. Aktyèlman sitiye nan Pennsylvania, BestBev pral etabli yon enstalasyon nan Eta New York. Pou deplase operasyon li, Best Bev pral antreprann renovasyon yon enstalasyon ki lwe nan Konte Tioga ki gen ladan achte machin ak ekipman, epi mèb ak akseswa.
- **Sant Defans Timoun nan Syèj Sosyal BestSelf (Lwès New York) - Sibvansyon ESD 2,000,000 dola:** BestSelf Behavioral Health, pi gwo founisè sante konpòtmantal kominotè nan Lwès New York, pral renove 899 Main Street nan Kanpis Medikal Buffalo Niagara. Etablisman an ki sitiye nan sant pral pèmèt Sant Defans Timoun (Child Advocacy Center) nan BestSelf deplase epi agrandi, sa k ap pèmèt li bay sèvis pou tout timoun nan zòn nan. Etablisman an pral loje tou yon sant fòmasyon kominotè ki pral ede ak efò devlopman mendèv.

Pwosesis Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la kontinye sipòte ak otorize moun ki gen enterè nan rejyon an nan devlope plan estratejik ak priyorite finansman yo ki satisfè bezwen ekonomik lokal yo. Jiska prezan, atravè Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la, yo te akòde plis pase 7.6 milya dola pou sipòte plis pase 9,300 kreyasyon djòb ak pwojè devlopman kominotè ki an akò ak plan estratejik chak rejyon.

### **Enfòmasyon sou Demann Finansman Konsolide**

Yo te kreye Demann Finansman Konsolide a pou senplifye ak akselere pwosesis demann sibvansyon an. Pwosesis Demann Finansman Konsolide a make yon chanjman fondamantal nan fason yo distribiye resous eta yo, pou garanti mwens biwokrasi ak plis efikasite pou satisfè bezwen devlopman ekonomik lokal yo. Demann Finansman Konsolide a sèvi kòm sèl pwèn dantre pou jwenn aksè a finansman devlopman ekonomik yo, sa k ap garanti aplikan yo p ap gen pou pèdi tan ant plizyè ajans ak sous san okenn mekanis pou kowòdinasyon. Kounye a, pwojè devlopman ekonomik yo itilize Demann Finansman Konsolide kòm yon mekanis sipò pou jwenn aksè a plizyè sous finansman eta yo atravè yon sèl aplikasyon, sa k ap rann pwosesis la pi rapid, pi fasil, ak pi pwodiktif. W ap jwenn plis enfòmasyon sou Demann Finansman Konsolide a [isit la](#).

### **Konsènan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo**

Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal se yon eleman enpòtan nan apwòch Eta a sou investisman ak devlopman ekonomik Eta a. An 2011, 10 Konsèy Rejyonal te kreye pou devlope plan estratejik alontèm pou favorize kwasans ekonomik pou rejyon yo. Konsèy yo se patenarya piblik-prive ki fòme avèk ekspè lokal ak pati prenan nan biznis, inivèsite, gouvènman lokal ak òganizasyon nongouvènmantral yo. Konsèy Rejyonal yo te redefini fason New York investi nan djòb ak kwasans ekonomik lè yo mete anplas yon apwòch asandant, ki baze sou kominote, epi kreye yon pwosesis konpetitif pou yo jwenn aksè resous Eta a yo. W ap jwenn plis enfòmasyon sou [regionalcouncils.ny.gov](http://regionalcouncils.ny.gov).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418